Хуыцаумæ кув, цæмæй йæм бавваxс уай (1 хай)

ДÆ НЫСАН: Ахъуыды кæн, цæуыл æууæндыс æмæ цæмæн, стæй раиртас, Библи цы дзуры, æмæ ахъуыды кæн, цæуыл æууæндыс, уый иннæтæн куыд бамбарын кæнис.



ЦЫМÆ ХУЫЦАУ АЛКÆЙ КУЫВДТЫТÆ ДÆР ХЪУСЫ?

1 ЦÆУЫЛ ÆУУÆНДЫС, УУЫЛ АХЪУЫДЫ КÆН

Иуæй-иутæ, «о», зæгъгæ, цæмæн зæгъдзысты?

Иуæй-иутæ, «нæ», зæгъгæ, цæмæн зæгъдзысты?

Ды та цæуыл æууæндыс?

Ууыл цæмæн æууæндыс?

© 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

2 БИБЛИ ЦЫ ДЗУРЫ, УЫЙ РАИРТАС

Хуыцау хъусы, сыгъдæгзæрдæйæ йæ чи агуры, уыдоны куывдтытæ, цæйфæнды тыххæй йæм ма кувой, уæддæр.

Бакæс Филиппæгтæм 4:6, 7.
Хуыцаумæ фæкувæм, исты нæ куы фæхъæуы, уæд. Фæлæ ма уымæй уæлдай хорз цæмæн у, цæмæй йын æдзух бузныг дзурæм?

Бакæс Иаковы 4:8.
Йегъовæмæ кæй кувæм, уый нын куыд æхсуыс кæны, цæмæй нæ хæлардзинад тыхджынæй-тыхджындæр кæна?

Мах аргъ кæнæм, немæ алкæддæр чи фæныхас кæны, ахæм æмбæлттæн – исты сæ куы фæхъæуы, æрмæст уæд нæ, фæлæ. Афтæ Йегъовæйæн дæр æхсызгон вæййы, æдзух æм куы фæкувæм æмæ йын алцыдæр куы фæдзурæм

© 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

Хуыцау хъусы, йæ куывдтытæм гæсгæ чи цæры æмæ чи архайы, уыдоны куывдтытæ.

Бакæс Марчы 11:24 æмæ Иаковы 2:26.
Цæмæй нын Хуыцау нæ куывдтытæ хъуса, уый тыххæй ахсджиаг цæмæн у, цæмæй нæм уырнындзинад уа æмæ нæм уырнындзинад кæй ис, уый цæмæй уыдзæн бæрæг?

Бакæс Матфейы 6:11 æмæ 2 Фессалоникæгтæм 3:10.
Нæ бон куыд у нæ куывдтытæм гæсгæ архайын, уымæн цæвиттон æрхæсс.

Нæ бон Хуыцаумæ кувын кæй у, уыцы лæварæн *ды* цæмæн аргъ кæныс?

© 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

3 ЦÆУЫЛ ÆУУÆНДЫС, УЫЙ БАМБАРЫН КÆН

ИСЧИ АФТÆ КУЫ ЗÆГЪА...

Хуыцау алкæй куывдтытæ дæр хъусы.

УÆД ДÆ БОН У ЗÆГЪЫН...

Афтæ бирæтæ хъуыды кæнынц. Фæлæ йæ æз зонын, Библи афтæ кæй нæ зæгъы, уымæн æмæ...

Адæймагæн цавæр стих бакæсис?

Адæймаг цæуыл æууæнды, уый зонгæйæ уыцы стихыл йемæ куыд аныхас кæнис?

ИСЧИ АФТÆ КУЫ ЗÆГЪА...

Адæймаг æрмæстдæр уый тыххæй фæкувы, цæмæй йын фенцондæр уа.

УÆД ДÆ БОН У ЗÆГЪЫН...

Демæ бирæтæ сразы уыдзысты. Фæлæ æз афтæ нæ хъуыды кæнын, уымæн æмæ...

Адæймагæн цавæр стих бакæсис?

Адæймаг цæуыл æууæнды, уый зонгæйæ, уыцы стихыл йемæ куыд аныхас кæнис?

© 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania